

# Estanda pou on baz komen (Common Core Standards): Resous pou paran

## Ki kote nou ka jwenn plis enfòmasyon?

### RESOUS ONIIVO NASYONAL

**Gid paran pou ede elèv gen siksè. Se asosiyasyon nasyonal paran ak pwofesè (PTA an angle) ki pibliye l.**

<http://pta.org/parents/content.cfm?ItemNumber=2583>

Sit sa a gen plizyè materyèl ladan l. Li gen ti gid kout ki esplike chanjman ki fèt nan estanda angle kòm lang natifnatal (ELA an angle) ak estanda matematik. Sid sa yo disponib pou nivo jadendanfan rive 8èm ane ak pou nivo lekòl segondè. Yo genyen yo pou chak matyè.

Gid sa yo disponib an angle ak an panyòl. Men ki sa ki ladan yo:

- Sa timoun dwe aprann nan angle ak nan matematik pou chak ane dapre nouvo estanda yo.
- Aktivite paran kapab fè lakay yo pou yo ede pitit yo aprann lekòl.
- Fason paran kapab devlope pi bon rapò ak pwofesè pitit yo.
- Sijasyon pou ede pitit ou planifye pou l al nan inivèsite ak pou ede l planifye pou karyè li.

**"Council of Great City Schools Parent Roadmap"**

<http://www.cgcs.org/Domain/36>

Nan sit sa a, ou ap jwenn plan an angle ak an panyòl, pou angle kòm lang matènèl (ELA) ak pou matematik. Gen plan sa yo pou chak ane, kòmanse nan jadendanfan rive nan 8èm ane. Plan sa yo ap pèmèt paran yo konnen ki sa pitit yo ap gen pou y aprann lekòl ak kouman yo kapab ede pitit yo aprann lekòl. Plan sa yo mache ak yon kalandriye ki montre kouman sèten estanda chanje de ane an ane. Kon sa, elèv yo kapab prepare tèt yo pou inivèsite ak pou karyè yo letan pou yo fini etid segondè yo.

"The Council of Great City Schools" fè yon videyo pou paran. Se yon videyo ki dire twa minit e ki fasil pou paran konprann. Nan videyo sa a, yo esplike ki sa estanda pou on baz komen yo (Common Core Standards) ye. Nou kapab jwenn videyo a nan sit sa a:

<http://www.commoncoreworks.org>

## Sit wèb "Stand for Children"

<http://stand.org/national/blog/2012/09/10/common-core-standards-building-strong-foundation-our-childrens-success>

Nan sit wèb "Stand for Children" lan, yo bay espikasyon ki kout e ki fasil pou paran konprann sou rezon ki fè eta yo vote estanda pou on baz komen yo, sou ki sa modifikasyon yo ye ak sou ki sa k ap chanje pou elèv yo.

## RESSOUS NAN NOUYÒK

### "Engage New York Parent and Family Resources"

<http://engageny.org/parent-and-family-resources>

Paj sa a konekte ou ak resous yo dekri la a ansanm ak lòt resous tankou gid ak aktivite ki pèmèt paran konprann kouman Nouyòk ap aplike estanda pou on baz komen yo ak kouman estanda sa yo ap pran chè nan klas yo.

### "Engage New York Common Core Assessments"

<http://engageny.org/common-core-assessments> and <http://engageny.org/resource/test-guides-for-english-language-arts-and-mathematics>

Resous ak enfòmasyon pou paran ki enterese konnen pi plis sou evalyasyon ki anrapò ak estanda pou on baz komen yo. Yo gen gid pou egzamen ak echantyon kesyon nan sit la tou.

### "New York City Department of Education Common Core Library for Families"

<http://schools.nyc.gov/Academics/CommonCoreLibrary/ForFamilies/default.htm>

Nan sit sa a, ou ap jwenn yon rezime estanda pou on baz komen yo ansanm ak yon tèks ki mache ak yon videyo ki fèt an plizyè lang: arab, bengali, chinwa, franse, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, espayòl ak oudou.